

Entèdiksyon vwayaj Prezidan Trump mete sou sèten imigran pandan Pandemi COVID-19 lan

Avètisman: Inite Lwa sou Imigrasyon Legal Aid Society a (Sosyete Èd Legal) te kreye ransèyman sa a. Ransèyman sa a pa konsèy legal, epi li pa dwe ranplase konsèy yon espesyalis imigrasyon. Enfòmasyon ki gen ladan l lan aktyèl apati dat vèsyon ki nan pati anba dokiman sa a, epi li ka chanje.

Nan dat 22 avril 2020, Prezidan Trump te pibliye yon Pwoklamasyon k ap entèdi sèten moun k ap chache vin rezidan pèmanan legal yo (LPR, sa vle di moun ki gen kat rezidans oswa grin kat yo) antre nan Etazini. Pwoklamasyon an ap anvigè apati 11:59 PM nan dat 23 avril 2020, epi yo fikse pou l ekspire 60 jou apre, byenke li ka pwolonje l.

Pou kimoun Pwoklamasyon an aplike?

Pwoklamasyon an aplike pou moun k ap chache gen estati LPR yo:

- ki pa nan Etazini nan dat li antre anvigè a;
- ki pa gen yon viza imigran (sa vle di viza pou estati LPR) ki valid nan dat Pwoklamasyon an antre anvigè a; epi
- ki pa gen yon dokiman vwayaj ofisyèl eksepte yon viza – (tankou yon lèt transpò, yon fich anbakman apwopriye, oswa dokiman libète kondisyonèl preyalab);

Èske gen eksepsyon?

Wi. Pwoklamasyon an **pa** aplike pou moun ki deja LPR yo (ki gen rezidans deja).

Ni li pa aplike pou moun sa yo ki pa nan Etazini k ap aplike pou viza imigran epi k ap eseye vin Etazini pou yo jwenn estati LPR la:

- kòm konjwen yon sitwayen ameriken oswa timoun minè yon sitwayen ameriken ki pa marye ki gen mwens ke 21 an, ki gen ladan timoun ki nan pwosesis adopsyon yo;
- kòm yon doktè, enfimyè, oswa lòt pwofesyonèl swen sante, ansanm ak konjwen yo oswa timoun minè yo ki pa marye ki gen mwens ke 21 an;
- kòm yon chèchè medikal oswa lòt chèchè ki gen entansyon konbat pwopagasyon COVID-19, ansanm ak konjwen yo oswa timoun minè yo ki pa marye ki gen mwens ke 21 an;
- pou vin fè travay esansyèl pou konbat, retabli, oswa soulaje efè pandemi COVID-19 yo nan yon lòt fason, ansanm ak konjwen yo oswa timoun minè yo ki pa marye ki gen mwens ke 21 an;
- nan kad pwogram Envestisè Imigran EB-5 la;
- pou vanse objektif aplikasyon lalwa enpòtan nan Etazini (byenke sila yo pa defini);
- kòm yon manm Fòs Lame Etazini, ansanm ak konjwen yo oswa timoun minè yo ki pa marye ki gen mwens ke 21 an;
- kòm sèten moun ki gen Viza Imigran Espesyal yo, ansanm ak konjwen yo oswa timoun minè yo ki pa marye ki gen mwens ke 21 an;
- moun antre yo ap nan enterè nasyonal.

E pou moun ki gen Viza Non-Imigran yo?

Pwoklamasyon an **pa** aplike pou moun k ap chache vini Etazini avèk viza non-imigran (tanporè), byenke gen soupson ke yo ka sible viza non-imigran yo nan lespas 30 jou k ap vini la yo.

E pou moun ki deja Etazini yo?

Pwoklamasyon an **pa** aplike pou moun ki deja Etazini k ap chache jwenn viza imigran oswa non-imigran yo. Li sèlman limite sèten moun k ap chache jwenn viza imigran ki pa te deja Etazini antre nan peyi a apati dat Pwoklamasyon an antre anvigè a.

E pou moun k ap chache jwenn azil yo?

Pwoklamasyon an **pa** limite kapasite moun k ap chache jwenn azil, estati refijye, sispansyon oswa pwoteksyon pou depòtasyon yo dapre Konvasyon Kont Maltretans lan.

Èske gen yon Pwosesis Egzansyon?

Byenke pa gen yon pwosesis fòmèl pou chache jwenn yon egzansyon pou entèdiksyon vwayaj la, Pwoklamasyon an gen yon dispozisyon jeneral k ap pèmèt moun li afekte yo antre Etazini si yo ka pwouve ke antre yo ap nan enterè nasyonal, jan Sekretè Deta, Sekretè Sekirite Nasyonal la, oswa yon moun youn nan de Sekretè sa yo deziyen detèmine.

Si w gen nenpòt kesyon oswa si w bezwen asistans, tanpri rele Liy Asistans Imigrasyon nou an nan 844-955-3425, ant 9:00am-5:00pm, lendi rive vandredi.